

Sèvis Manje ak Nitrisyon pou Elèv ak Fanmi-yo
Nouvo Sant Distribisyon Louvri

Yo te mande kèk elèv kite badj idantifikasyon-yo (IDs) nan lekòl-la. Sou kesyon sa nou trè fleksib se poutèsa n'ap asire elèv-sa-yo jwenn manje san pwoblèm

Lekòl Piblik, Broward County Public Schools (BCPS), va sèvi elèv BCPS ak fanmi-yo, manje. Dejene va sèvi apati 8 – 10 a.m., (uitè rive dizè nan maten) epi lench (manje midi) va sèvi apati 11 a.m. – 1 p.m. (onzè maten rive inè lapremidi).

Yo va sèvi repa-yo diran jou lekòl fèmen epi n ap swiv orè nòmal pou fèmti lekòl, jou:

- Lendi, 16 Mas
- Mèkredi, 18 Mas
- Jedi, 19 Mas

Manje va disponib nan lekòl sa-yo atravè Distri a:

- Boyd Anderson High School
- Blanche Ely High School
- Dillard High School
- Flanagan High School
- Hallandale High School
- Miramar High School
- Nova High School
- Plantation High School (Nouvo Lokal)
- South Broward High (Nouvo Lokal)
- Sunrise Middle School
- Taravella High School

Lekòl-la va mande elèv-yo prezante yon kat idantifikasyon elèv, valid, epi elèv-yo va jwenn manje pou yo-menm ak manm fanmi-yo ki prezan. Yo te mande kèk elèv kite kat IDs-yo nan lekòl-la. Pou elèv-sa-yo n ap trè fleksib epi n ap asire yo va jwenn manje.

Distribisyon manje va fèt nan yon kote ki deziyen sou kanpis nan lekòl-la. Mache oswa kondwi machin ou jiskaskè ou rive nan kote distribisyon manje va fèt.

Distri a ap remèsye patnè nan kominote nou – Feeding South Florida, Health Foundation of Broward, The Hunger Coalition, The United Way – pou sipò yo.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite sit [browardschools.com/coronavirus](https://www.browardschools.com/coronavirus).

Tanpri pran nòt chanjman nan enfòmasyon fèt toutan epi mizajou enfòmasyon va fèt ositoke posib.

The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Boy bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direkte,depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonate Ekite Distri a/Kodonate Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannmann Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](https://www.browardschools.com)